Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 11 (7151)
2015 с. 7 март
Щамат
БАГЬА 5 ГЪУРУЩ.
sadovoduns@yandex.ru

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод»

ЧIужугIадан



Маданият тIокIкIинабулей




Лиза



## Баркула 8 март!



ХIурматиял ручччаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда, – районалъул тIолалго ручччабазда, яцазда, ясазда, лъудбузда, улбузда ихдалил тIоцебесеб байрамазул цояблъун кколеб Халкъазда гьоркьосеб ручччабазул къо – 8 март. Микьабилеб март ккола рекIел хинлъиялъ, рокьуца, лъикIабщиналъ ва хьулаз цIураб бай рам. Гьеб къоялъ нилъеца кIодо гьарула нилъер хIеренал, хIасратал, нилъги рокьулел, нилъееги рокьулел улбул, нилъее къвариглIиндал нилъеда хьолбохъ ратарал лъудби, яцал ва ясал.

ЧIужугIадан – гьей ккола инсанасул талихI-рохел, рокьи, лъикIабщиналде анищ-хьул. Гьелъин тIолабго халкъалъего хирияб бугеб гьеб ихдалил тIоцебесеб байрам. Нужеца хIакъикъаталдаги цIунула хъизаналъул къайи-свери, нуж руго берцинлъиялъулги, чIурканлъиялъулги гIаламатлъун. Кидаго рукIа гьединал гьайбаталлъун, хIереналлъун. ЧIужугIаданалъул кверазги, гIакълуялъги, махщалицаги гIуцIула дунял, данде бачуна хъизан-рукъ, гьелъ жавабчилъи цIикIкIараб роль хIалтIизабула общественниябгун жамгIиятаълъул гIумро цебетIезабиялда. Ручччабаз хIаракатаб гIахьаллъи гьабулеб буго гIун бачIунеб гIелалъе тарбиягунлъай кьеялда, халкъалъе медицинаялъулгун социалияб хъулухъ гьабиялда ва цогидалги бутIабазда хIалтIулаго.

Араб гIасруялда нилъер ручччабаз нахъа тана бахIарчияб кьеркьеялъул гьайбатаб нух. Бихьиназда бащадго гьел кьеркьана жидерго лъикIаб, талихIаб букIинеселъе гIоло. Граждан ва КIудияб ВатIанияб рагъул соназда нилъер ручччабаз бергьенлъаби бахIарчияб куцалъ цIунана. Гьезул гьунаралъе ва къо хIехьеялъе ВатIаналъ тIадегIанаб къимат кьуна.

Улкаялъул тIолалго ручччабазда цадахъ лъугьун районалъул ручччабаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул экономика борхизабиялъулъ, гIун бачIунеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялда, сахлъи цIуниялда, росдал магIишат цебетIезабиялда. Дагьал гьечIо улка цебетIезабиялъе гIоло кIвахI-свак гьечIого хIалтIулел ручччаби. Гьел мустахIикъал руго кидагосеб рецщалъеги адабалъеги.

ХIурматиял ручччаби! РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб ручччабазул байрам – 8 март. Гьарула нужее ва хъизан-лъималазе гIумруялда талихI, рохел, сахлъи, кибго ва сундулъго сабру, гIакълу, гьабулеб ишалъулъ икъбал!

**ГI. НУРМУХIАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев.**

РДялъул БетIерасул ХитIаб

## Киназго рахъ ккуна

Дагъистаналъул БетIерасул Республикаялъул Халкъияб Собраниялде гьабураб хитIаб гьоркьоб лъуна гьал къоязда нилъер районалда. Гьеб ишалда хурхун районалде рачIун рукIана ДРялъул Правительствалъул Председателасул зам. Р. Жафаров, РДялъул экономикаялъул ва Дагъистаналъул территориалияб цебетIеялъул рахъалъ министрасул зам. ХI. СултIанов, Дагъистаналъул БетIерасул гIакълучи Д. Халидов, росдал магIишаталъул ва квана-гьекъолел жалазул министерствоялъул вакилзаби.




Данделъиялда гIахьаллъана росабазул бутIрул, районалъул Собраниялъул депутатал, учреждениял-организациязул нухмалъулел ва тIаде ахIарал.

Данделъи рагьулаго «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул бетIерасул ишал тIуралев ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна Дагъистаналъул Бет1ер Р. ГIабдулатIиповасул Послание бугин республикаялда бугеб кинабго ахIвал-хIал жанибе бачараб документ ,-абун. Гьеб тIубазаби жакъа бищунго кIвар бугеб суаллъун, кколин тIадчIей гьабуна гьес.

Хадуб Посланиялъул аслиял рахъазул бицана Р. Жафаровас. Гьес бихьизабуна гьеб кIвар бугеб документалда цIикIкIараб кIвар кьун бугин гIадамазул сахлъи цIуниялде, спорталде, лъай кьеялде, агропромышленнияб комплексалде. Гьединго гьес к1вар кьун бихьизабуна РДялъул БетIерас бихьизабулеб бугин аслияб къагIидаялда республика нахъе ккезабулеб бугин экстремизм-терроризмалъ,-абун. Гьединлъидал бакIалъулаб администрациялъул ва цогидалги районалъул жавабиял гIадамалги гьорлъе цIан районалда гIолилазда гьоркьоб тарбия кьеялъулгун ахIвал-хIал бичIчIизабиялъул тадбирал тIоритIизе кколин.

Хадув кIалъалаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна къокъабго болжалалда районалда гьарурал хIалтIабазда. -Жавабиял гIадамалги цадахъ щвана консервазул цехаздегун заводазде. Гьезда гьоркьоса лъикIаб хIал буго Зирани МУПалъул цехалда. Гьениб буго гьайбатаб парникалъул хозяйство, Шамильхъалаялда унеб буго диалезнияб центр баялъе гьарулел хIалтIаби. Гьединго кIвар кьолеб буго районалъе инвесторал ралагьиялде. – Гьеб иш цебетIезабиялъе криминалияб ахIвал-хIал хисизабизе ккола районалда. Гьеб мурадалда жамагIатазулгун дандчIваял тIоритIана Балахьуни, ХарачIи росабалъ, гьаруна Дагъистаналъул муфтиясулгун дандчIваял, тIобитIана районалъул гIолилазул тIоцебесеб форум. Гьанже кIвар кьезе ккола БетIерасул Послание ва проектал тIуразариялде. Гьелъие данде кколеб план районалда къабулги гьабун буго,-ян бихьизабуна гьес хадубги.

Районалда общественниял советазде мугъчIвайги гьабун приоритетниял проектал, Бет1ерасул Послание цогидалги рихьизариял гIумруялде рахъинаризе кколин абуна Денга Халидовас. Гьеб ишалъулъ бажарараб бутIа лъезе ахIана блогерал, журналистал.

Ахиралда Посланиялда ва проектазда хурхун тIаде рачIаразе залалда г1одор ч1араз кьуна суалал, гьезие данде кколел жавабалги щвана. ГIахьаллъараз лъазабуна гьел тIуразариялъулъ жигараб бутIа лъезе бугилан.

**Районалъул администрациялъул пресс-хъулухъ**



# *Барка, магIарулай, 8 март!*

*Ихдалил тIоцересел*
*ТIугьдулгун цадахъ щвараб,*
*Баркула, магIарулай*
*Дуда микьабилеб март!*

*Бихьиназда дур къадру*
*Хас гьабун лъазе кьураб,*
*Баркула, дир хирияй,*
*Дуда руччабазул къо!*



## ЧIужугIадан

Зодил къоялъул хан, гвангъун щвараб бакъ
Бакъул хинлъи буго, дулъ чIужугIадан.
Сардил бецIлъудал хан, доб къалъараб моцI,
МоцIрол гвангъи буго, дулъ, чIужугIадан.
Эбел - унго хинлъи, гьеб рагIиялъул
ЦIороpаб хасалил къо уна хинлъун,
Эбел - унго гвангъи гьеб рагIиялъул,
НакIкIул къо къалъула, гьеб цо рагIиялъ.
Хирияй яцалъул, кIудияб рокьи
Гьелъ кибго цIунула, къваридаб бакIахъ,
ГIагарай ясалъул, дуда чIвалеб мугъ
Цо чармил кьуруялъ, хисуларо гьеб.
Рукъалъул хинлъиги, даим рохелги
Хъизамалъе кьолей, мун чIужугIадан,
ГIасраби цIунулей, наслаби кьолей
ХIалимай, хIеренай, мун чIужугIадан.
Дица гьаб ихдада, хехго раккулел
ГIазукьа ретIарал, тIугьдулги росун,
ЧIухIараб бетIерги, гIодобе къулун
Дуда гьаб, дур байрам, буго баркулеб.
Дур васазул рахьалъ, росасул рахьалъ
Бищунго хирияв, вацасул рахьалъ,
Кибниги сукIичIеб, накуги сукIун,
Дица байрам буго, дуда баркулеб.
Мун росасул чIухIи, васасул рохел
Инсулгун вацасул, къадруялъул си,
Мун къо хинлъиялъул, хIалимай гьалмагъ
Мун кутакаб рокьул, кьвараpай гьудул.
Кидаго хутIаги, мун рохалида
Васалгун, вацалгун, росгун, эменгун,
Аваданлъи, дуе, гьарула дица
Амма гIемер гьеб щун, дуй батиларо.

***ГI. АХIМАДИБИРОВ.***

## *Мисалияй медсестра*

Жеги школалда цIалулеб заманалдаго анищлъун букIана МухIамадова Асиятил медсестралъун яхьине. Школалда цIалулагоги гьелъ хIаракат бахъулаан гьенир хIажалъулел предметазде кIвар кьезе, гьезда тIадчIей гьабизе. 1982 соналда лъикIал къиматазда Гумбет районалъул ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школаги лъугIизабун Асият цIализе лъугьана Буйнакск шагьаралъул медицинаялъул училищеялде. 1985 соналъ гьебги лъикIал къиматазда лъугIизабун гьей хIалтIизе лъугьана Гумбет районалъул больницаялде медсестралъун. Гьенибги Асиятица хIалтIи бажарун гIуцIулеб букIана.

I989 соналда А. МухIамадова хIалтIизе ячIана Шамилькъалаялъул гIемер профилазул больницаялъул поликлиникаялде. Гьений гьей хIалтIулей йикIана терапиялъул участкаялъулай медсестралъун. ХIалтIуде бугеб рокьиги махщелги бихьун 1994 соналда гьей хIалтIизе ячуна хирургиялъул отделениялде кIудияй сестралъун. Гьелдаса нахъе Асият хисичIого хIалтIулей йиго гьеб отделениялда.

Киехун хIалтIаниги Асиятие хасиятаб бугo гьабулеб ишалъулъ мухIканлъи, унтаразул рекIелъе нух бати, гьелгун хIеренго йикIин.

Гьединай йигелъул Асиятидаса разиго рукIуна отделениялъул, больницаялъул нухмалъулел ва унтарал. РакI-ракIалъ баркула А. МухIамадовалда 8 март.

**Х. МУХIАМАДОВА.**

# Къиматай нухмалъулей



МугIрузул тIогьазда багIараб бакъ кIутIулеб рогьалил гIужалъ Унсоколо росо къотIун унеи йиго жеги гIолохъанлъиялъ къо-лъикI гьабичIей чIужугIадан. Цо кинабалиго ургъалилъ йигин кколa гьей. ТIадал ишазул ургъелал ратила гьел, гьабулеб иш битIа-бишун гьечIони рекIее хIалхьи букIунарелъул.

Гьей ккола Унсоколо росулъа «Ромашка» ясли-ахалъул зав. МухIамадова Загьидат Ибрагьимовна. Жакъа бигьаго гьечIо росги хун тIаде лъималги ккун хутIарай гIолохъанай чIужугIаданалъе гьел хIетIалде рахъинаризеги, ясли-ахалъул кIудияб коллективалъе нухмалъи гьабизеги.

Жиндирго захIматалъулаб нух Загьидатица байбихьана Унсоколо № 2 гьоркьохъеб школалда гIурус мацI ва литератураялъул дарсал кьеялдасан. ГьитIинго гьира букIунаан гьелъул педагоглъун яхьине. Загьидатил эбел ГIусманова ГIайшат йикIана цо заманалда районалда лъикIго машгьурай учительница. Гьелъул гьабулебщиналда хадуб хал кколаан гIолей Загьидатица. Чанго нухалъ рокъоб медиклъун яхьани лъикIаб букIинаан абун малъа-хъвaял гьаруниги ракI гьелъул гIицIго педагоглъиялде цIалеб букIана ва педагогикияб институтги лъугIизабун бокьулеб ишалда хIалтIизе лъугьана.

Школалда хIалтIулаго нухмалъулезе Загьида тилъ загьирлъана нухмалъиялъе бажари букIин, ишалъулъ мухIканлъи букIиналъ тIамураб бакIалда щвалде щвараб хIалтIи Загьидатил букIине бугеблъи.

Гьедин тIамуна «Ромашка» ясли-ахалъул заведующаялъун. Гьале анцIила щуабилеб сон буго Загьидатица гьеб жавабияб хIалтIи тIубазабулеб бугелдаса. 58 хIалтIухъанги I76 лъимерги буго гьелъул нухмалъиялда гъоркь. Гьезул щивасул ургъелги агъазги тIаса унаро нухмалъулелда. Амма гьанибго бичIчIизе ккола нухмалъи гьаби цо иш букIин, суал бачIуна кин гьеб гьабулеб бугеб, хIасилал кинал ругел?,- абураб.

ГьабсагIаталда Дагъистаналъул ясли-ахазда хIалтIи бачиналъе гьечIо киналго рахъал хIисабалде росараб программа. Ясли-ахал хIалтIулел руго ФГТ (федералиябгун государственнияб требование) абураб программаялда рекъон. «Гьаб соналъул сентябрь моцIалдаса нахъе хIалтIизе хIисабалде босун буго «Государственнияб стандарт» абураб программаялда рекъон,-ян бицана Загьидатица. -Гьелде рачIине хIадурлъулел руго гьабсагIаталда ниж. Лъималазе киналго занятиял гьарула гIурус мацIалда. Бищунго хIинкъараб жо букIана жеги эбелаб мацI лъалареб лъимада гIурус мацI бичIчIизабизе. Амма нижеда кIвана гьеб гIадатияблъун гьабизе. Лъималаз мацI бигьаго босулеб буго ва занятиял тIадегIанал даражаялда тIоритIулел руго. Гьединго гьанже лъимал ясли-ахикье рачине бегьулел руго 2 моцI баралдаса ва рукIине бегьулел руго 8 сон базегIан. Гьедин гьанжесел тIалабазда рекъон лъималазе тарбияги лъайги кьеялъе кьучI лъезе кколеб буго ясли-ахикь. Гьелъие хIадургоги буго ясли-ахалъул коллектив. Гьединго нижер буго электроннияб ясли-ах, лъимал росула очередь гьечIого. Эбел-инсуда рокъор рукIун лъазе кIола нижер бугеб ахIвал-хIал, гьединго кIола лъимал яслиялде росизаризеги».

Ясли-ахикь буго жакъасеб къоялда рекъон занятиял тIоритIиялъе литература, видео, аудио ва цогидалги техническиял жал, тIагIамаб, пайдаяб квен, кинабго хIажатабщинаб.

Шибха хIажалъулеб нилъехъе кьун бугеб нухмалъи битIун нухда бачине? Бищунго цебе хIажалъула творческияб къагIидаялъ кинабго рахъ лъазаби, гьабулелда ракIчIей, гьелъул пайда бугеб рахъ батизе бажари. Гьел къагIидаби хIалтIизарулел руго ясли-ахикь тарбия-лъай кьеялъул ишалъулъ ва коллектив лъугьун буго цоцалъ гъункараблъун, щивасе лъикIлъи бокьулеблъун. Гьединал хIасилал кьолел руго Загьидатица щивав хIалтIухъанасул лъикIал-квешал рахъал лъалел ругониги цо къагIидаялъ адаб-хIурматалда гьел къабул гьарулел рукIиналъ, гьезул загIипал рахъал ракI хвеларедухъ ричIчIизарун, щивасда тIад асар букIинабун мурадалде щвезе рачунел рукIиналъ.

Нухмалъулесе чара гьечIого хIажалъула жиндирго коллектив цебе лъураб мурадалде щвезе витIун ккезавулев цевехъанлъун вукIине бажари, рекIел лъикIлъи, гIаданлъи букIин. Гьел рахъал руго Загьидатил чорхолъ. Гьей йиго хIалимай, хIеренай, сабруяй, гьебго заманалда хIалтIи лъугьиналъе кьварарай нухмалъулей. Гьедин хIалтIи бачиналъ районалдаги республикаялдаги лъикIаб бакIалда буго «Ромашка» ясли-ах ва гьезул хIалбихьи лъазабизе кисанго рачIуна педагогал.

Амма захIмалъаби гьечIогоги гьечIо гьелъул коллективалда. Бараб заман кIочараб, басрияб минаялъуб буго ясли-ах. Гьениб гьечIо лъимал къватIире риччазе площадка, ясли бахун къватIиб буго автомашинабазул нух, гьечIо лъимал тира-свеpизе рачине бакI. Гьеб ахIвал-хIал бициндал ясли-ахалъе кумек гьабизе Загьидатие рагIи кьуна районалъул администрациялъул бетIересул ишал т1уралев ГI. НурмухIамадовас. Гьелъ божилъи гьабизе бачIунеб буго гьитIичазе хадубккун цIияб гьава цIазе щвеялде.

Цебехун унеб буго гIумро жиндирго чвахиялда рекъон. Сонал гиранагIан щивас хIисаб гьабула нахъа тараб нухалъул. Гьеб нух халкъалъе пайдаялъе нахъа тараб ва гIадан витIун ккезавиялде буссараб буго педагог Загьидат МухIамадовалъул.

***Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.***

*Суратлда: З. МухIамадова.*

# Унсоколо район гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялде

## Елизавета Семенюк

Елизавета Матвеевна Семенюк гьаюна I9I4 соналъул I7 декабралда Киевалъул губерниялъул Сульжиналъул волости Лешань абулеб росулъ. Миллаталъул рахъалъ гьей ккола гIурусай.

Эбел-эмен хун хадуй 6 сон барай Лиза тарбия кьун гIезаюна эбелалъул яцалъул хъизаналда. Заманалдасан эбелалъул яцалъул хъизан гочана Кисловодск шагьаралде, гьений кIудияй гIуна Елизавета, босана лъай. Гьелъ хIукму гьабуна хIалтIизе Дагъистаналде ине. Гьеб мехалда Лизал г1иц1го I6 сон бук1ана. Эбелалъул яцалъул бетIергьанчияс, Дагъистаналде уней йигилан гьелъ рокъоб бициндал, абуна Дагъистаналда гIалхулал гIадамал рукIунин, чIахIиял хунжрулги бакьухъ рорчарал ва мугжулги ругел. Амма гьей хIинкъичIого Дагъистаналде ячIана. Гьедин Елизавета Матвеевна I930 соналда, комсомолалъул путевкаялда рекъон ячIана учительницалъун хIалтIизе Дагъистаналъул Хунзахъ округалде. Хунзахъан гьей хIалтIизе йитIана Рихьуни росулъе, округалъул цохIого-цо дандечIей гьабичIого Советияб власть къабул гьабураб росулъе.

Дагъистаналде хIалтIизе рачIарал учительзабазул къокъаялда гьоркьой Елизавета Матвеевна йикIана цого-цо йигей яс. ЦIакъго гьитIинай йигилан сельсоветалъул председателас гьей жиндирго хъизаналда гIумро гьабизе ячана. Амма гьениб гIумро гьабизе санагIат букIинчIо, цо кинабалиго хIикматалъухъ балагьизего гIадин гIурус учительница йихьизе рачIунел рукIана лъимал, гьалбал...

Гьелъ гьарана жий цойги хъизаналде яче,-ян. ТIаса бищана цоги хъизан, цIакъ гIодоре риччарал, рази-ракиял рос-лъади ва цо чанго гIурус рагIи лъалев гIолев вугев вас. Лъабго моцIидасан Лизада жиндиего гIураб къадаралда авар мацI лъана. ХIалтIулей йикIана школалда. Амма гьелъул цIалдохъабилъун рукIана гIисинал лъимал гурел, бакьухъ чIахIиял хунжрулги рарал, ботIрода гъаларал тIагъралги лъурал, мугжулги ругел гIадамал.

I933 соналда гьеб росулъа Сулейманов Пайзудиние росасе ана гьей. Гьев вукIана нартил магIданазда Бакуялда ва МахIачхъалаялда хIалтIарав, хадув цо чанго соналъ Астраханалъул ччугIил институталда цIаларав чи. Гьедин гьей даимгоялъе Дагъистаналда гIумру гьабун хутIана.

I930 соналъул сентябралдаса хIалтIана учительницалъун, хадуй Рихьуни байбихьул школалъул заведующаялъун, Унсоколо гьоркьохъеб школалъул учительницалъун ва цадахъго Унсоколо райисполкомалъул секретарьлъун. К1удияб ВатIанияб рагъул байбихьуда учительзаби-бихьинал рагъде араб мехалъ, гьезда гьоркьов вукIана гьелъул рос Пайзудинги. Елизавета Матвеевна ана росасул ва жиндиргоги гIагараблъун лъугьараб Рихьуни росдал школалде директорлъун хIалтIизе. Гьелъие гIакълу кьуна чIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьоса учительзаби т1аса рищизе, щайгурелъул рукIинчIо гIураб къадаралда педагогал. ТIаса рищана пагьмугьунар бугел гIолилал. Хадур гьезул рахъана лъикIал педагогал, цогидалги хъулухъчагIи. Масала, Заргьалаев МухIамад ГIабдулхIамидович – гIемерал соназ учительлъун, школалъул директорлъун, Унсоколо райОНОялъул заведующийлъун хIалтIарав, Бартыханов МухIамадгIали Бартыханович - анцI-анцI соназ ДАССРалъул националияб банкалъул управляющиясул заместительлъун хIалтIарав.

I953 соналъул I7 августалда гьей йищана КПССалъул Унсоколо районалъул комитеталъул кIиабилей секретарьлъун.

I955 соналдаги цIидасанги Рихьуни микьго сонилаб школалъул директорлъун тIамуна гьей ва хIалтIана гьеб хъулухъалда пенсиялде инегIан. Гьеб заманалда гьелъул хIаракаталдалъун бан букIана цIияб, берзулаб пособиялдасан бечедго хьезабураб школа.

*(Ахир 4 гьумералда)*

## *Маданият тIокIкIинабулей*



Рихьизе рокьула тIокIкIараб гIумроялъул, ракI чIараб галиялъул, гIужилаб каламалъул, берцинаб гьари-кванаялъул гIадамал. Цадахъ хIалтIулей йикIун гьединай йикIин лъала дида районалъул культурая лъул управлениялъул начальникасул заместитель, художественниябгун постановочнияб рахъалъ заведующая, «РДялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан» ХIалимат ГIабдурахIманова. Лъала гьелъул хIалтIулаб къагIидаги. Гьеб байбихьудаса лъугIизегIан букIуна бакIа-бахарараб, тема-идея букIиналъ магIна гъваридаб, бихьизе бокьулеб. Гьединаллъун рукIуна ХIалиматил хIаракаталдалъун гIуцIараб лъималазул «МугIрузул талихI», ясазул «МагIарулай», «Дагъистаналъул фольклор» ансамблязул церерахъинал. Республикаялъул «Дунялалъул халкъазул кьурдаби»,-абураб конкурсалда «МугIрузул талихIалъе» ва «МагIарулалъе» щвана Гран-при ва къиматал сайгъатал. 2009 соналдайин абуни гьебго «МагIарулай» ансамбль мустахIикълъана «Россиялъул пикро цебетIурал лъимал»,-абураб конкурсалда Президентасул гранталъе, республикаялъул зоналияб халгьабиялда кIиябго ансамблялъ ккуна тIоцересел бакIал, хадурги Владикавказалда «Гьудуллъиялъул кьурди» фестивалалда щвана «МугIрузул талихIалъе» Гран-при. Къокъго абуни кIиябго лъималазул ансамблялъул лъикIал хIасилазул бицун гьаниб хIал кIвеларо. ГьедигIанги гIемерал руго гьел.



ХIалимат ГIабдурахIмановалъ жиндирго захIматалъулаб нух байбихьана 1990 соналда Унсоколо № I гьоркьохъеб школалда хIалтIулаго. Гьелъ школалда гIуцIана «Кьурдул дунялалде гали тIаме», «Махщалил дарсал», «Фольклоралъул праздник» гIадал тадбирал. Гьединал тадбирал гIуцIизе бажарулей ва гIицIго щуйил къиматазда педагогическияб институт лъугIарай гIолилай хIалтIизе ахIана районалъул культураялъул управлениялде. Гьениб ХI. ГIабдурахIмановалъ творческияб балагьиялдалъун цIилъи чIвазабуна киналго бокIназда. Масала, гIуцIана «Унцукуль» ансамбль. Гьениб аслияблъун букIана ансадерил некIсияб кьурди, ясазул хIеренаб ва гIухьбузул кьурдаби. Гьеб ансамблялъе тIаде рахъун хъат чIвана Вологда, Ростов Чебоксары, Астрахань шагьаразул ва Польшаялъул Халкъазда гьоркьосеб XXVIII фестивалалда искусство бокьулел гIадамаз.

ГIагараб ракьалъул тарих лъазабиялдеги кIвар кьола ХIалиматица. Гьелъ бакIарун буго районалъул гIадатазул, маданияталъул ва культураялъул хIакъалъулъ творчествалъул тIехьалъе материал, суратал. ТIехьалде жанире уна праздниказул, гIадатазул хIакъалъулъ абиял, биценал, лъималазул расандиялъул поэзия, халкъиял ах1улел ва рикIкIунел кучIдул, кици-биценал, магIаби, культураялъул гIадамазул хIакъалъулъ материал. Гьеб материал кьучIое босана республикаялда клубалъул хIалтIухъанасе кумекалъе биччараб методическияб издания лъе. Гьединго гьабуна Унсоколо районалъул социалиялгун культуриял суалаздасан интерактивияб карта. Гьелъ сценаялдасан бихьизабуна умумузул гвай баялъул гIадат, гьенир рукIана цоцаде ахIулел, рикIкIунел некIсиял кучIдул, гьезул ретIел-тIех, тIагIел-гIучI. ЦIикIкIараб махщел буго ХIалиматил концертал рачине ва гьел гIуцIизеги.

КIудияб хIалтIул бутIа лъуна ХI Г1абдурах1мановалъ районалда Россиялъул халкъазул культураялъул Центр рагьулагоги. «Унцукульское подворье» абураб цIаралда гъоркь араб соналда гьеб бихьана районалъул гIадамазда ва гьалбадерида. Гьелъул хIаракаталдалъун республикаялъул «Гьудуллъиялъул рукъ» музеялъе кьуна район лъазабиялда хурхараб гIемераб материал.

ХIалимат ГIабдурахIманова йиго хIакъикъаталдаги культураялъул рахъалъ мустахIикъай хIалтIухъан. Гьеб тIадегIанаб цIаралъе гурейги гьей мустахIикълъана гIемерал ХIурматиял грамотабазе, дипломазе, сайгъатазе. Россиялъул халкъазул Гьудуллъиялъул музеялъе гьабураб кумекалъухъин абуни миллияб политикаялъул министерствоялъ араб соналъул ноябрь моц1алда гьелъие кьуна «За неоценимую помощь в формировании коллекцию музея дружбы»,-абураб Х1урматалъул грамота ва бач1ана баркалаялъул кагъат.

ГIолеб гIелалъе мисалалъе росизе гIадамал гIемер гьечIеб заман буго гьаб. Амма гьеб рахъалъ тIубараб энциклопедия йигин ХIалимат,-ян абуниги мекъи ккеларо. Гьей йиго кинабго рахъалъ пикро цебетIурай, тIокIк1араб творческияб нухалъул гIадан. Амма ХIалиматие бокьуларо цIикIкIараб рецц-бакъ. Биччанте гIемерлъизе районалда гьединал гIадамал!

***Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА***

***Суратазда ХI. ГIабдурахIманова, гъоркьехун «Горянки» ансамблялъул гIахьалчагIазул церерахъин.***

# Елизавета Семенюк

Чанго нухалъ школалъе щвана районалда тIоцересел бакIал, хьвадулел багIарал байрахъал.

Елизавета Матвеевна йикIана росдал гIадамазе йокьулей гIаданлъун, районалда кIудияб къад ру-къимат букIана гьелъул. ГIемераб лъикIабщинаб малъана гьелъ рихьундерида: хъвазе цIализе гуребги – рукъариялъул махщалие, батIи-батIияб квен хIадуризе, хъизаналда жаниби гIадамазда гьоркьорги букIине кколеб хьвада-чIвадиялъе куцана гьел. Рихьуни росулъе тIоцебесеб трактор ва машина битIун бачIана гьелъ Сталинихъе хъвараб кагъаталдаса хадуб.

ЦIалдохъабаз рагъдаса ритIун рачIунаан гьелъухъе кагътал, хадур тIоцересел кагътал рачIана Советияб Армиялдаса. Ккана цо гьадинаб лъугьа-бахьин: гьелъул цIалдохъан, танкист АхIмадов МухIамад рагъда захIматго лъукъана, бералдаса махIрумлъана гьев. ГIагаразда щибго лъалеб букIинчIо, гьез гьев хванилан тун вукIана. Кагъат бачIана гIурус учительницаялъухъе. Гьениб танкистас хъвалеб букIана: тIокIав росулъе вачIинарин, лъие жив къваригIарав лъукъ-лъукъарав ва бер гьечIев,-фронталда ругел гьесул лъабавго вас чIван хадур,-абун. Херас рази гьечIого бетIерги кIибикIизабун абуна; фашистал гъуризе ругин киналго тIаделъун ва гIурус учительница жидеца цIунизе йигин. Гьей къварид гьайизе лъицаниги гьечIин.

ХIатта гьабсагIаталдагицин Лиза лъалел гIодула гьелъухъ, пацманго ракIалде щвезаюла гьей. ТIолалго рихьундерил гIун бачIунеб гIелалъул эбел йикIанин, гьабсагIаталдаги Лиза хIажат йигин улкаялъеги росдаеги захIматаб гьаб заманалда,-абун. Хасго гьанже гIемерал гIелаз гIуцIун букIараб кинабго жо – беричал пихъил ахалги, рекьулел хурзалги, росуцоязул басрияб росдал гIемерал минабиги Рихьуни ГЭСалъул лъел хIорикье араб заманалда рак1алде щвезаюла гьей росуцояз.

ВатIаналда цере гьарурал хъулухъазухъ Елизавета Матвеевна Семенюкие кьуна гIемерал шапакъатал. Гьезда гьоркьор руго «ЗахIматалъул багъадурлъиялъе гIоло» медаль, Ленинил орден, «Халкъияб лъай кьеялъул отличник»,-абураб гIаламат, КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 30 ва 40 сон тIубаялде кьурал медалал. Гьелъие кьуна «ДАССРалъул школазул мустахIикъай



абун. Лизада кIвана гIолохъанчиясда рокъове вачIине кколеблъи бичIчIизабизе, гIагаразе гьев кинав вугониги; унтарав, лъукъарав, бецдав, щокъав вугониги хIажат вугин бичIчIизабуна.

Рагъда рос вугеб заманалда Елизавета Матвеевналъ ракъарал рагъул саназда росуцоязул къварилъаби, захIмалъаби гIахьал гьарулаан, рагъда россал, вацал, васал ругел руччабазе гIакълу кьолаан, кваназарулаан ракъарал лъимал, узухъда рокъоб жиндиегоги васасеги кваназе гIураб квен букIинчIониги. Рихьундерицаги рехун течIо гьей, кинабго рахъалъ кумек гьабулаан ва тIалаб гьабулаан гьелъулги васулги. Цо нухалда хъвазе цIализе лъаларев херав росуцояс гьелъухъе босун бачIана росда нахъа гIодоб батараб кагъат (доб заманалда гьединал кагътал ралаан росабалъе самолетаздасан) цIализеги магIарул мацIалде буссинабизеги. Гьеб кагътида фашистаз дагъистаниязе рагIи кьолеб букIана рагъда немцал бергьани битIахьего алжаналъулаб гIадаб гIумро бук1инабизе бугин ва ахIулел рукIана Дагъистаналъул росабалъ ругел киналго гIурусал чIвазе. Лизаца цIалана кагъат, буссинабуна гьеб магIарул мацIалде ва абуна: немцал гьанире рачIине ругин рагъда ругел нилъер киналго гIагарал, гьелдаго цадахъ учительница» - абураб тIадегIанаб цIарги.

Елизавета Матвеевна Семенюк ккола тIоцебе Дагъистаналда Ленинил орденалъе мустахIикълъарай чIужугIадан. ЧанцIулго кIодо гьаюна гьей ДАССРалъул Верховный Советалъул, КПССалъул обкомалъул ва райкомалъул ХIурматалъул грамотаби кьун. Йищун йикIана захIматчагIазул депутатазул райсоветалъул депутатлъун, КПССалъул Унсоколо райкомалъул бюроялъул ва Пленумалъул членлъун. Гьелъ жигараб гIахьаллъи гьабуна районалъулги росдалги общественниябгун политикияб гIумруялъулъ. Рихьуни росдал гIемерал гIадамазе гьей гIицIго учительница гурейги, йикIана бищунго гIагарай гIаданлъун, кIиабилей эбеллъун.

I985 соналъул августалда ятIалъана нилъедаса Елизавета Матвеевна. Амма гьелъул кинабго лъикIабщинаб ракIазулъ хутIана рихьундеридаги гьединго тIолабго районалъул гIадамаздаги.

Учителасул махщел тIаса бищана гьелъул яс ПатIимат Пайзудиновалъ, гьелъул яс Сиядат МухIамадовалъ ва вас ГIадбулагьицаги.

**Сураталда**: Е. Матвеевналъул хъизан

## Конкурсалда - кIиабилеб бакI



Гьал къоязда МахIачхъалаялда учительзабазул махщел камиллъизабиялъул институталда тIобитIана Дагъистаналъул поэтазул кучIдул пасихIго цIалиялъул конкурс. Гьенир гIахьаллъулел рукIана киналго районазул ва шагьаразул школазда рекIехъе кучIдул цIалиялъул конкурсалда бергьенлъи босарал цIалдохъаби.

Нилъер районалъул рахъалдасан гьений цее яхъана районалъул школлъималазда гьоркьоб кучIдул цIалиялъул конкурсалда бергьун йикIарай Унсоколо № 2 гIаммаб гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан Заргьаъ ХIамзатова. Гьелъ цIалана нилъер ракьцояй ГIайшат Малачиевалъ хъвараб «Дир Унсоколо»,- абураб кечI. Конкурсалъул жюриялъ гьелъие кьуна кIиабилеб бакI. Гьеб квешаб хIасил кколаро республикаялъул районазул ва шагьаразул 25 школалдаса гIахьалчагIи цере рахъараб конкурсалда.

Лъай кьеялъул министерствалъ бергьенлъи босарал цIалдохъабазе кьуна дипломал. З. ХIамзатовалъеги щвана II даражаялъул диплом.

Баркула щвараб шапакъат ХIамзатовалда, гьелъул эбел-инсуда ва конкурсалде гьей хIадур гьаюрав школалъул магIарул мацIалъул ва литератураялъул учитель М. Гъазиевасдаги. Хадубккунги жеги бергьенлъаби гIемерлъаги, дуе, гIолилай. Заргьаъ ХIамзатовалда баркула бергьенлъиги 8 мартги.

## Берцинлъиялъе-кIодоэбелазул бальголъаби

Лъие бокьулареб берцинайлъун йикIине. Амма гьеб кидаго гуро косметикаялъ гьабулеб. Гьединайлъун йикIине ккани чIужугIаданалда лъазе ккола битIун кваназе. ГIемераб кьаралъи, богIоллъи ва гьуинлъи кваналел руччабазда жидерго чорхол чIурканлъи цIунизе кIоларо. Берцинайлъун йикIине бокьани гьоркьехун рахъулел руго берцинайлъун ва чIурканайлъун йикIине цогун бащдаб гIасруялъ цере хIалтIизарулел рукIарал бальголъаби.

Хехго егизе ва тIаде яхьине, щибаб кьоялда цIияб гьаваялда сверизе, гIемерисеб мехалъ рокъоб рагьун букIине ккола гьитIинаб гордо. Хасго гьеб рагьизе ккола егилалде цебе. Регулеб рокъоб I4-I6 градусалдаса цIикIкIун хинлъи букIине бегьуларо. Бусен ва кьандалъо букIине бегьуларо тамахаб. Анкьида жаниб 2-3 нухалда ялъуни цIикIкIун къаде кваналалде гимнастика гьабизе ккола. БацIадго чIезабизе ккола черх. ЦIакьго тамахабги кьвакIарабги гуреб щеткаялъ кьаси-кьаси черх зуризе ккола. РетIел ретIине ккола гьава-бакъалда ва лъагIалил гIужазда рекъон. ХIатIал ботIродаса хинго чIезаризе ккола. Кваназе ккола цо ккураб заманалда ва дагьго.

Гьеле гьединал сихIраби рукIун руго нилъер кIодоэбелазул.


**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

МВД Дагестана призывает граждан во избежение очередей пользоваться порталом «Госуслуги» (www.gosuslugi.ru).

**Н. М. Нажмудинов,**
**и. о. начальника, подполковник полиции**



**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
Газета отпечатана в типографии «Дом печати» по адресу: ул. Акушинского 21
Время подписания в печать -17.00
фактически -16.10 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках
Тираж - 1500 экз.